



Constant Improvement

Monroe County School District

Attendance Policy

Egzijans Sou Zafè Prezans: Tout paran oubyen gadyen ki gen pitit nan youn nan lekòl yo gen responsabilite pou li voye oubyen mennen pitit li lekòl jan lalwa [Florida Statute §1003.21] mande l' la. Tout elèv dwe vin lekòl regyèman epi dwe toujou alè pou li ka benefisye tout enstriksyon lekòl la ap ba li epi pou l pran abitud vini alè, gen bon disiplin, epi pran responsabilite li nan men.

Absans ki Eskize yo:

Tout Paran dwe rapòte absans pitit li yon jou anvan oubyen jou pitit li pap ka vin lekòl la, oubyen **nan entèval 2 jou aprè** pitit li pat vini lekòl la, si se pa sa lekòl la ap konsidere elèv la absan **san eskiz**.

- Si elèv la malad oubyen li blese
- Si Relijyon/Fèt Nasyonan elèv la mande pou l pa ta vini lekòl (Fòk nou konn sa 3 jou davans)
- Yon Randevou Doktè/Dantis ki *Planifye Davans*
- Yon Reyinyon IEP pou timoun la
- Yon Randevou Tribinal/Immigrasyon ki *Dokimante*
- Yon moun nan Fanmi an ki mouri (paka fè plis ke 7 jou deyò)
- Si yo mete elèv la nan FL Keys Children's Shelter
- Si Direktè lekòl la siyen yon nòt pou sa
- Yon evènman espesyal ke Direktè lekòl la Aproveuve
- Si elèv la gen yon maladi ki Atrapan

****Administrasyon lekòl pa oblije eskize absans la nan dosye lekòl ****

Règleman sou Reta

- Si elèv la an reta se pou li pase di san an Biro Sentral la.
- Pou Elèv lekòl Elemantè yo, paran yo *pa dwe* sèlman lage yo devan pòt la. Se pou Paran depoze yo devan Biro Sentral lekòl la.
- **Reta ki Eskize:** ka malady; randevou kay doktè; aksidan machin; lanmò oubyen antèman; yon ka ijans ke direktè lekòl la approve; imigrasyon oubyen tribinal; yon tradisyon relijyez; move tan; epi si bis lekòl la anpann.
- **Reta pi pa Eskize:** machin anpann (pa egzann pann kaoutchou, pan gaz, machin ki pa vle demare, etc.); blokis machin; reveye ta; tounen lakay paske ou te bliye yon bagay, ak tout kalite lòt randevou ki pa pou zafè lekòl.
- Si yon elèv an reta anpil anpil li ka pèdi privilèj pou li chwazi sa l vle fè.

Absan ki Pa Eskize Unexcused Absences:

- Yon Absans ki pa nan lis rezon yo ki seksyon Absans ki Eskize yo.
- Tout Absans dwe anrejistre nan entèval 2 jou.
- Nan lis Egzanp yo nou jwenn: vwayaj pou elèv la al achte; vakans/vwayaj famiyal; tout lòt aktivite ki ka fèt lòt lè ke lè lekòl (pa egzann, randevou pou cheve/zong, dòmi, fè devwa, al fè lisans, leson dans); aktivite ki pa aktivite lekòl tankou evènman/program/aktivite espò; ak lòt aktivite ki se responsabilite paran yo (tankou move je sou timoun (babysitting) oubyen al kondui pou moun).
- Elèv la pèdi pwèn sou travay li ta dwe fè chak fwa li absan san eskiz .

Direksyon Espesyal:

- Tout elèv kap kite lekòl la anvan yo lage dwe pase nan Biro Sentral la.
- Tout elèv gen 2 jou aprè yo te absan pou yo ratrape sa yo te pèdi pandan yo te absan.
- Aprè ke yon elèv absan 3 fwa youn dèyè lòt, se profesè a ki ap deside ki lè pou elèv fè devwa li te pèdi lè l te absan an.
- Se responsablite pa elèv la pou li fè remèt devwa li yo anvan li absan (tankou tès, projè, etc).
- High School: si yon elèv rate 6 klas li oblije pase egzamen trimès la pou li ka pase klas la
- Middle School: tout elèv ki rate plis pase 90% tan li ta sipoze fè nan klas la (pa egzann 40 sou 45 jou lekòl) dwe demontre tout kapasite l pou l ka pase klas la.
- Tout elèv ki gen 5 absans san eskiz nan yon mwa oubyen 10 absans eskize nan 90 jou dwe ale devan Child Study Team Students.
- Si yon elèv absan pou plus pase 6 fwa nan yon trimès pou lekòl la elèv sa a depase limit la.
- Si yon elèv gen plis pase 15 absans san eskiz sou yon entèval 90 jou lekòl la konsidere l pou yon "Habitual Truant" sa vle di yon moun ki abitye nan absan lekòl san pèmision
- Selon Atik §1003.26 lekòl la ka rele paran yo nan tribinal avèk Truancy Petitions
- Selon Atik §322.091 tout elèv ki abitye absan anpil "Truant minor students" ka pèdi lisans li oubyen pèdi privilèj pou aplike pou resevwa youn.

Pou plis enfòmasyon sou zafè Reglèman yo ou mèt ale:

- www.KeysSchools.com
 - nan MCSD Student Progression Plan
 - nan MCSD Student Handbook
- nan school's Student Handbook/Planner
- nan Florida Statute 1003.21-26 @ www.leg.state.fl.us